Pou Piblikasyon Imedya: 07/02/2023 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 8.6 MILYON DOLA POU PWOGRAM INOVAN POU TRETE ADIKSYON OPYOYID

Finansman an pral sipòte jiska 18 pwogram tretman konplè pou pasyan ekstèn ki fèt pou ogmante aksè ak medikaman pou abòde maladi ki lye ak itilizasyon opyoyid la

Sibvansyon yo akòde atravè Fon Règleman Opyoyid Eta New York la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a disponiblite plis pase 8.6 milyon dola pou devlope pwogram tretman konplè pou pasyan ekstèn pou adrese maladi ki lye ak itilizasyon opyoyid atravè Eta New York. Administre pa Biwo Eta New York pou Sèvis ak Sipò pou Adiksyon an (Office of Addiction Services and Supports, OASAS), finansman an pral sipòte jiska 18 founisè nan efò pa yo pou etabli pwogram inovan sa yo epi li se dènye prim atravè Fon Règleman Opyoyid Eta New York la.

"Menm jan ak twòp Nouyòkè, mwen konnen kisa sa ye pou w pèdi yon manm fanmi nan maladi adiksyon opyoyid la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwogram tretman inovan pou pasyan ekstèn sa yo itilize lajan Fon Règleman Opyoyid la pou yo elaji ak amelyore yon fason sinifikatif sèvis nou yo epi pou yo abòde mal epidemi sa a te lakòz anpil Nouyòkè."

Pwogram tretman konplè pou pasyan ekstèn yo bay plis opòtinite pou jwenn aksè ak sèvis konplè ki santre sou moun - ki gen ladan tretman medikaman pou maladi ki lye ak itilizasyon opyoyid - epi yo se yon nouvo inisyativ pou adrese bezwen tretman konplè nan Eta New York la. Pwogram sa yo fèt pou rann li pi fasil pou Nouyòkè k ap chèche tretman pou toksikomani pou yo jwenn aksè nan plizyè sèvis nan yon sèl kote.

Komisè Biwo Sèvis pou Adiksyon ak Sipò a, Chinazo Cunningham, te deklare, "Tretman medikaman pou maladi itilizasyon opyoyid yo san danje epi efikas epi li pwouve li ede sipòte sante ak byennèt jeneral pami moun ki adikte yo. Etabli pwogram konplè sa yo se yon priyorite enpòtan epi li pral ede plis moun jwenn èd enpòtan pou benefisye rekiperasyon akoutèm ak alontèm pa yo."

Komisè pa Enterim Depatman Sante Eta a, Doktè James McDonald, te deklare, "Epidemi opyoyid la retite lavi twòp moun. Tout Nouyòkè merite swen konpatisan ak

aksè ak tretman epi pwogram sa yo pral sove anpil lavi. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl li pou asire moun ki gen difikilte ak adiksyon opyoyid yo gen resous yo bezwen pou kòmanse yon chemen nan direksyon rekiperasyon an."

Founisè yo ka aplike pou finansman pou sipòte pwogram entegral ki egziste deja yo, konbine tretman opyoyid ki egziste deja ak pwogram pou pasyan ekstèn yo, oswa devlope nouvo pwogram entegral. Y ap bay finansman atravè yon pwosesis demann pou aplikasyon.

Eta New York pral resevwa plis pase 2 milya dola atravè divès kalite akò règleman ak fabrikan opyoyid yo. Yon pati finansman ki soti nan règleman sa yo prale dirèkteman nan minisipalite yo, epi y ap depoze rès la nan yon fon dedye pou sipòte prevansyon, tretman, rediksyon domaj, ak efò rekiperasyon pou adrese epidemi opyoyid kontinyèl la.

Menm lejislasyon an ki te etabli fon dedye a te kreye tou Komite Konsiltatif Fon Règleman Opyoyid la, ki gen responsablite pou l fè rekòmandasyon sou fason yo ta dwe asiyen dola règleman yo pou pi byen sèvi moun ki nan bezwen yo. Manm konsèy yo te bay premye rekòmandasyon yo 1e novanm, yo te idantifye ekspansyon sèvis rediksyon ak tretman domaj kòm pi gwo priyorite yo.

New York te kontinye lite ak lanmò ki gen rapò ak opyoyid an 2021, ak fentanil kounye a ki enplike nan pifò lanmò dòz eksesif nan tout eta a, dapre yon rapò ki pibliye pa Depatman Sante eta a. Lòt dekouvèt kle yo gen ladan yo:

- 4,766 lanmò nan dòz eksesif ki enplike opyoyid, yon ogmantasyon 14 pousan pa rapò ak ane anvan an.
- 10,430 vizit nan depatman ijans pou pasyan ekstèn akòz dòz eksesif opyoyid, yon ogmantasyon 12.6 pousan pa rapò ak ane anvan an.
- 19,139 ka naloksòn ke Sèvis Medikal Ijans lan te administre, yon ogmantasyon 11.8 pousan pa rapò ak ane anvan an.

Senatè Eta a, Nathalia Fernandez, te deklare, "Li esansyèl pou nou ogmante sèvis ak resous pou moun ki gen difikilte ak maladi ki lye ak itilizasyon opyoyid, epi mwen gen konfyans ke Gouvènè a angaje li nan pwoblèm sa a ak finansman resan pou pwogram tretman konplè pou pasyan ekstèn sa yo. Bon itilizasyon Fon Règleman Opyoyid la se pou alimante pwogram ki santre sou moun tankou sa yo, ki sèvi ak medikaman ki sove lavi."

Eta New York te mete sou pye yon apwòch agresif ki gen plizyè branch pou rezoud epidepi dòz eksesif la, epi li te kreye yon seri swen kontini kont adiksyon ak sèvis konplè nan prevansyon, tretman rediksyon domaj, ak retablisman. Eta a te travay pou agrandi aksè a sèvis tradisyonèl yo, ki genyen ladan yo pwogram sèvis kriz, pasyan ki entène, pasyan ekstèn, ak pwogram tretman rezidansyèl, ansanm ak medikaman pou tretman adiksyon, tretman mobil ak sèvis transpò.

Gouvènè Hochul te yon manm Gwoup Travay sou Ewoyin ak Opyoyid nan Eta New York (NYS Heroin and Opioid Task Force) la ki, an 2016, te rekòmande nouvo sèvis ki pa tradisyonèl, ki genyen ladan yo sant retablisman yo, paviyon pou jèn yo, agrandi sèvis konpayon yo, ak sant aksè lib yo, k ap bay evalyasyon ak referans pou swen imedya. Depi lè sa, yo te etabli sèvis sa yo nan divès kominote ozalantou Eta a, epi yo te ede moun ki nan bezwen yo jwenn aksè nan swen ki pi pre kote y ap viv la.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta a, HOPEline 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

N ap jwenn tretman pou adiksyon ki disponib yo gen ladan swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen malad ki entène yo, swen rezidansyèl, oswa swen pou pasyan ekstèn, lè nou itilize Tablodbò Disponibilite Tretman OASAS NYS la nan FindAddictionTreatment.ny.gov oswa atravè sitwèb OASAS NYS la.

Si oumenm, oswa yon pwòch ou, te eksperimante obstak nan asirans ki gen rapò ak tretman oswa bezwen pou ede depoze yon apèl pou yon reklamasyon yo te refize, kontakte liy èd CHAMP an pa telefòn nan 888-614-5400 oswa pa imèl nan ombuds@oasas.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418